

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Wangenan Operasional

Aya sababaraha istilah dina ieu panalungtikan anu perlu dijéntrékeun hiji-hiji sangkan henteu nimbulkeun salah tapsir. Péréléanana saperti ieu di handap.

- 1) Analisis nya éta nalungtik hiji perkara/pasualan pikeun mikanyaho sabab musabab ku jalan ngadéskripsikeun bagian-bagianna atawa pasualan-pasualan.
- 2) Kasalahan léksikal nya éta kasalahan maké kecap anu teu atawa kurang tepat.
- 3) Karangan deskripsi nya éta karangan anu ngagambarkeun hiji hal dumasar titingalian jeung perasaan imajinasi atawa numutkeun gabungan kabéhna, anu ngagambarkeun hiji objék, ahirna nu maca ngarasa ningali sorangan objék anu digambarkeun éta.

3.2 Padika Nangtukeun Ukuran Sampel

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta dina karangan deskripsi siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2007/2008. Jumlah murid kelas VII SMP Negeri 1 Lembang téh aya 478 siswa. Tina éta populasi dicokot 10% pikeun sampel. Jadi sampel nu dicokot lobana 48 siswa. Ieu jumlah téh meunang ngitung tina $478 \times 10\% = 47,8$, tina ieu hasil téh dibuleudkeun jadi 48 siswa. Sampel dicokot pikeun kapentingan panalungtikan.

3.3 Instrumén Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik tés, nya éta méré tugas ngarang ka murid kelas VII SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2007/2008.

Pancén ngarang:

1. Jieun karangan deskripsi anu jadi jejerna “*Liburan*”.
2. Panjangna karangan maksimal dua kaca.
3. Pigawé kalawan sistematis!
4. Tong poho tulis ngaran jeung kelas!

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pakakas nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nya éta kasalahan léksikal data. Sakumna kasalahan léksikal anu kapanggih disalin kana kartu data. Dina ieu kartu data ditulis sumber data karangan jeung padalisan. Sangkan leuwih jéntré, titénan conto kartu data di handap ieu.

Conto kartu data

(KDS/4/6/3)

Wangun nu salah : *syukur*

Kuduna : sukur → syukur

/s/ /sy/

3.2. Téhnik Ngolah Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis kesalahan berbahasa. Ieu téhnik téh mangrupa téhnik anu poko dina ngolah data. Sanggeus data kumpul, éta data téh diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti di handap.

1. Nganomeran unggal karangan.
2. Maca karangan murid kalawan gemet.
3. Nandaan unggal kasalahan sarta ngasupkeun kana kartu data.
4. Masing-masing data kasalahan dumasar kana klasifikasina, nya éta gejala hiperkorék, jeung gejala pléonasme.

